

**ANALISIS KAÉDAH KABASAAN DINA NOVÉL SESUAP RASA
KARYA CATZ LINK TRISTAN PIKEUN ALTERNATIF PILIHAN
BAHAN AJAR BASA INDONESIA KELAS XII**

ku

Asti Pujiastuti Hidayat

185030026

RINGKESAN

Novél mangrupa pangajaran anu penting di kawasa ku siswa. Nanging, dina prakna mah siswa ngarandapan bangbaluh dina ngaanalisis novél lantaran kurangna pamahaman kana matéri. Salasahiji alesanana nyaéta bahan ajar basa Indonésia anu kurang pikaresepeun siswa. Ku kituna, panulis ngayakeun panalungtikan ngeunaan kaédah kabasaan novél sangkan bisa dijadikeun alternatif bahan ajar. Ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun nganalisis kaédah kabasaan dina novél Sesuap Rasa karya Catz Link Tristan minangka alternatif pilihan bahan ajar basa Indonésia kelas XII. Méthode panalungtikan anu digunakeun nyaéta kualitatif kalawan téhnik ngumpulkeun data, nyaéta dokuméntasi jeung studi pustaka. Panulis ngagunakeun sumber data nu mangrupa 61,53% tina jumlah kaca dina novél. Hasil analisis nétélakeun yén, 61,53% tina jumlah kaca dina novél Sesuap Rasa karya Catz Link Tristan ngandung 6 kaédah kabasaan novél anu diwangun ku 471 kecap katerangan waktu, 1122 kecap gaganti jalma, 591 kecap pagawéan material, 470 kecap pagawéan mental, 517 kecap sipat, jeung 979 dialog. Dumasar kana hasil panalungtikan, kaédah kabasaan novél anu geus dianalisis téh bisa dijadikeun salaku bahan ajar anu luyu jeung aturan Kurikulum 2013. Hasil validasi bahan ajar basa Indonésia kelas XII anu mangrupa modul meunang peunteun rata-rata 4,61 kalawan perséntase 92,2% nu kaasup kana katégori “Alus Pisan”.

Kecap Konci: Analisis, novél, kaédah kabasaan, bahan ajar.